

Chè Pawasyen!

Bòn fèt Pak!

Toujou genyen yon rezon pou nou selebre fèt Pak malgre laperèz ki anvayi nou akòz maladi Kowona a. Kè kontan fèt Pak la pa depann de nou menm ni de sitiasyon nou. Li depann de Bondye. Nou kwè fèt Pak se pa sèlman Bondye ki leve Jezi soti nan lanmò. Bondye genyen plan pou fè menm bagay la pou nou tou—leve nou e retire nou nan lapènn, dezespwa ak mizè.

Kòman nou ap mache pou nou ale nan kè kontan fèt Pak la? An nou ale nan istwa ki te rive jou maten fèt Pak la.

Yon gwoup medam ki gen ladan l Mari Madlène, Mari manman Jak ak Salome te ale nan tonm lan byen bonè. Men, lè yo rive yo jwenn yon bagay ki boulvèse yo, deranje yo—wòch la te woule soti nan bouch kav la, e tonm lan te vid. Medam yo pa te ka jwenn kò Jezi. Yo te boulvèse. Yo tap kriye epi yo pa te konnen kisa pou yo fè.

Wi, kòmansman fèt Pak la se te vid, tristès ak ensètitud. Kè kontan fèt Pak la te tonbe an premye nan yon tonm vid. Men, lapènn nan te tounnen lajwa lè Jezi parèt devan medam yo e li di yo li leve vivan.

An jeneral, kè kontan fèt Pak la konekte ak soufrans nou yo, lit nou yo, ak vid nou yo. Lajwa fèt Pak la se vre se yon jwa ki diferan. Kè kontan fèt Pak la pa sa nou santi lè nou ap selebre okazyon espesyal ak fanmi e zanmi, oubyen lè nou genyen yon konpetisyon, oswa lè nou jwenn travay nou te reve a.

Pa gen okenn kesyon nan sa kalite jwa sa yo, se sa nou anvi rive nan lavi nou. Men ou menm ak mwen konnen defi ak difikilte nou pa ka evite yo nan lavi nou. Okenn moun nan mond lan pa ekzan nan koze soufrans.

Nan mitan sezon litijik ki pi enpòtan nan Legliz nou an, ansanm nou soufri efè pandemi an. Nou menm tou nou santi vid la, lè nou pa ka selebre fèt Pak nan Legliz nou yo jan nou te konn fè lontan. Lè nou kenbe kwa nou yo e fè reklamasyon nou yo pèmèt nou ouvè pòt pou kè kontan fèt Pak la. Lanmou san kondisyon Bondye a ak mizèrikòd li pou limanite a, se baz espwa ak jwa nou. Reyèlman vre se pi gwo rezon ki fè nou toujou selebre fèt Pak.

An nou kontinye lapriyè pou Bondye ka pran swen nou e pwoteje nou, pandan nou gen konfyans nan yon lavi pi bèl nan JeziKri kounye a e pou toutan.

Se pou Bondye beni nou tou!

Pè Nestor Rodriguez e Alabré